

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab medar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung isu étik.

3.1 Métode Panalungtikan

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif kalayan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif digunakeun pikeun nganalisis data nu teu bisa diukur atawa diitung ku angka. Ieu pamarekan digunakeun lantaran sipatna anu leuwih subjéktif.

Métode panalungtikan anu ngagunakeun déskriptif, teu bisa leupas tina pamarekan kualitatif. Lantaran metode déskriptif dianggap bisa ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun kana naon bebeneran anu aya dina panalungtikan. Moleong (2006, kc. 6) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu miboga maksud pikeun maham fénoména ngeunaan naon nu kaalaman ku subjék panalungtikan, misalna paripolah, persépsi, motivasi, jrrd., sacara holistik jeung ngagunakeun cara déskripsi dina wengun kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun rupa-rupa métode alamiah.


Suyanto (2006, kc. 80) nétélakeun yén waktu ngagunakeun métode déskriptif dina kualitatif aya opat léngkah nu ngawengku: 1) ngumpulkeun data, 2) nganalisis data, 3) napsirkeun data, jeung 4) nyieun kacindekan.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa prosés anu dipikabutuh pikeun nggararancang hiji panalungtikan sangkan bisa ngalakukeun panalungtikan ti mimiti nepi ka bérés. Sakumaha nu ditétélakeun Arikunto (2010, kc. 175) yén desain panalungtikan nya éta rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu bakal dilakukeun dina panalungtikan.

Ieu panalungtikan miboga rarancang pikeun ngaguar kaulinan barudak nu ngawengku: 1) naon waé kaulinan nu aya di Désa Kebonkalapa, 2) fungsi kaulinan di Désa Kebonkalapa, jeung 3) ajén moral nu aya dina kaulinan barudak

nya éta sadrasa kamanusaan nu ngawengku: (1) moral manusa ka Pangéran, (2) moral manusa ka pribadina, (3) moral manusa ka manusa séjén, (4) moral manusa ka alam, (5) moral manusa kana waktu, jeung (6) moral manusa dina ngahontal karaharjaan lahir batin nu aya di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang. Anapon bagan desain panalungtikanna saperti ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

Reza Wilyan, 2017

AJÉN MORAL KAULINAN BARUDAK DI DÉSA KEBONKALAPA KECAMATAN CISARUA KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAULINAN BARUDAK DI KELAS VII SMP
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Sumber Data

Arikunto (2013, kc. 172) nétélakeun sumber data dina panalungtikan nya éta subjék ti mana éta data kacangking. Sumber data dina ieu panalungtikan ngawengku:

1) Partisipan (Informan)

Partisipan atawa informan nya éta sumber informasi nu ngaguar ngeunaan objék panalungtikan. Informan mangrupa sumber informasi ti panyatur asli nu dipénta nyaritakeun dina basa jeung dialékna sorangan. Informan dina ieu panalungtikan nya éta masarakat Désa Kebonkalapa. Masarakat Désa Kebonkalapa sumebar di 4 Dusun, 9 RW jeung 28 RT. Anapon jumlah pendudukna aya 4.602 dina bulan Juli 2017. Ieu di handap mangrupa tabel ngeunaan informan.

Tabél 3.1
Daptar Informan

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Kikim Suhaeli 2) Umur : 41 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Kalungguhan : Kepala Désa Kebonkalapa 5) Padumukan : Dusun Kebonkalapa Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang	

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : O. Sunaryo 2) Umur : 78 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Kalungguhan : Pensiun TNI-AU'87 5) Padumukan : Dusun Cibolang Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang	

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Entin. S 2) Umur : 67 3) Jenis Kelamin : Awéwé 4) Kalungguhan : Ibu rumah tangga 5) Padumukan : Dusun Cibolang Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang	

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Arifin 2) Umur : 54 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Kalungguhan : Wiraswasta 5) Padumukan : Dusun Gandasoli Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang	

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Tata 2) Umur : 67 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Kalungguhan : Tani 5) Padumukan : Dusun Cibolang Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang	

Idéntitas Informan	
1) Ngaran : Éndang 2) Umur : 77 3) Jenis Kelamin : Lalaki 4) Kalungguhan : Tani 5) Padumukan : Dusun Cibolang Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang	

2) Objék Panalungtikan


Ieu panalungtikan maluruh ajén moral kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang. Ajén moral nu sumebar dina kaulinan barudak dikumpulkeun ngaliwatan téhnik observasi jeung wawancara. Kaulinan barudak nu kakumpul dianalisis dumasar kana papasingan, fungsi, jeung ajén moralna.

3) Tempat Panalungtikan

Désa Kebonkalapa perenahna aya di Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang, miboga wates wilayah 252,968 Ha. Sacara administratif Désa Kebonkalapa kawatesanan ku 6 Désa ti 3 Kecamatan, nya éta di béké kalér aya Désa Serang, jeung Désa Cimalaka (Kecamatan Cimalaka). Di kulonna aya Désa Cisalak (Kecamatan Cisarua). Kidulna aya Désa Cikonéng (Kecamatan Ganeas). Di wétanna aya Désa Cisarua jeung Désa Bantarmara (Kecamatan Cisarua).

Désa Kebonkalapa aya di kawasan dataran nu luhur, puncakna kurang-leuwih 450 M nepi ka 520 M di luhureun laut. Suhuna kurang-leuwih 23°C nepi ka 27°C.

Anapon gambaran peta Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupaten Sumedang nya éta.



Gambar 3.3

Reza Wilyan, 2017

AJÉN MORAL KAULINAN BARUDAK DI DÉSA KEBONKALAPA KECAMATAN CISARUA KABUPATÉN
SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAULINAN BARUDAK DI KELAS VII SMP
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Peta Désa Kebonkalapa

3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data, téhnik nu dipakéna nya éta téhnik observasi lapangan ku cara ngawawancara sababaraha narasumber atawa informan. Nya éta masarakat Désa Kebonkalapa Kacamatan Cisarua Kabupaten Sumedang.

1) Téhnik Observasi

Téhnik observasi mangrupa léngkah awal nu biasana dilakukeun dina panalungtikan kualitatif. Sakumaha nu ditétélakeun ku Lincoln jeung Guba (dina Moleong, 2006 kc. 174) yén aya sasabaraha alesan nu ngalantarankeun téhnik observasi digunakeun dina panalungtikan kualitatif. Salah sahiji nu ngalantarankeunna nya éta téhnik observasi didadasaran ku pangalaman sacara langsung.

2) Téhnik Wawancara

Wawancara mangrupa paguneman antara dua jalma, di mana aya nu nanya jeung nu ngajawab. Sakumaha nu ditétélakeun ku Moleong (2006, kc. 186), yén wawancara mangrupa paguneman nu miboga maksud nu tangtu. Tujuan tina wawancara nu sakumaha ditétélakeun ku Lincoln jeung Guba (dina Moleong, 2006. kc 186) yén tujuan tina wawancara téh ngawengku ngarékonstruksi ngeunaan jalma, kajadian, organisasi, perasaan, motivasi, tuntunan, jst.

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpulkeun tuluy ditranskripsi. Data dianalisis dumasar kana tujuan panalungtikan nu ngawengku papasingan, fungsi, kamekaran jeung ajén moral nu nyangkaruk dina kaulinan barudak. Anapon tahap analisis datana saperti ieu di handap.

1) Analisis Papasingan Kaulinan Barudak

Data kaulinan barudak nu geus jadi data tinulis dipasing-pasingkeun (klasifikasi) dumasar kana jenis dina kaulinan barudak. Endraswara (2009, kc. 106) nétélakeun klasifikasi nya éta *penggolongan*. Éta klasifikasi dilakukeun sacara manual ngagunakeun kartu data klasifikasi.

2) Analisis Fungsi Kaulinan Barudak

Sabada data diklasifikasi, panalungtik ngagunakeun kartu data fungsi kaulinan barudak dumasar kana hasil panalungtikan observasi kana kaayaanna di lapangan. Salian ti éta, panalungtik ogé napsirkeun hasil tina wawancara ti narasumber.

3) Analisis Ajén Moral dina Kaulinan Barudak

Dina nganalisis ajén moral nu nyangkaruk dina kaulinan barudak panalungtik ngagunakeun kartu data ajén moral. Fungsi kartu data sangkan babari dina milih jeung nataan kaulinan barudak dumasar kana ajén-ajén moralna.

3.5 Instrumen Panalungtikan

1) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun kaulinan barudak anu aya di masarakat Désa Kebonkalapa Kécamatan Cisarua Kabupatén Sumedang anu wangunna lisan. Pedoman digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara anu henteu *terstruktur*, hartina narasumber teu kawatesanan dina ngébréhkeun pamadegan jeung pangaweruhna ngeunaan kaulinan barudak. Ieu di handap mangrupa pedoman wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku idéntitas informan jeung pedoman wawancara.

Tabél 3.2

Idéntitas Informan

Idéntitas Informan

1) Ngaran : 2) Umur : 3) Jenis Kelamin : 4) Kalungguhan : 5) Padumukan :	Foto
--	-------------

Tabé1 3.3

Pedoman Wawancara Kaulinan Barudak

Pedoman	Pertanyaan
1) Pangaweruh ngeunaan kaulinan barudak	1) Naon waé kaulinan barudak nu aya di Désa Kebonkalapa? 2) Iraha dipaénkeunana éta kaulinan barudak ? 3) Dimana dipaénkeunana éta kaulinan barudak ? 4) Kumaha prosés ngawariskeun kaulinan barudak?
2) Fungsi kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa	1) Naon fungsina kaulinan barudak di jaman baheula? 2) Naon fungsina kaulinan barudak di jaman kiwari?
3) Ajén moral kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa	1) Naon waé ajén moral nu nyangkaruk di tiap kaulinan barudak di Désa Kebonkalapa?

2) Alat Rékam (HP)

Alat rékam nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *aplikasi perekam suara* dina HP. Ieu alat digunakeun pikeun meunangkeun data kaulinan barudak tina hasil wawancara jeung narasumber.

3) Kaméra

Kaméra diguanakeun pikeun ngadokumentasikeun prosés lumangsungna panalungtikan jeung hal-hal nu dianggap penting waktu panalungtikan. Dokuméntasina mangrupa foto narasumber, jeung kaayaan tempat panalungtikan.

4) Alat Tulis

Alat tulis ngawengku kertas jeung pulpén nu digunakeun pikeun nyatet data ngeunaan kaulinan barudak ti narasumber nu nolak wawancarana dirékam.

5) Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngadokumentasikeun data anu mangrupa téks kaulinan barudak. Kartu data digunakeun panalungtik pikeun nataan kaulinan barudak nu saluyu jeung papasinganana.

Tabél 3.4

Daftar Kaulinan

No.	Ngaran Kaulinan	Lokasi				Kode
		1	2	3	4	
1.	Conto : Bancakan	√				K-1.L1
2.	Barén		√			K-2.L2
3.	Éngkle Gunung			√		K-3.L3
4.	Galah				√	K-4.L4

Tabél 3.5

Kaulinan dumasar kana kelompokna

No.	Ngaran Kaulinan	Papasingan		
		Kaulinan (gerak)	Kakawihan (nyanyian)	Kaulinan nu diwuwuhan kawih
1.	Conto : Bancakan	√		
2.	Barén	√		
3.	Éngklé Gunung	√		
4.	Galah	√		

Tabél 3.6

Kaulinan dumasar kana jenis kelamin

No.	Ngaran Kaulinan	Papasingan		
		Lalaki	Awéwé	Lalaki jeung

				awéwé
1.	Conto : Bancakan			✓
2.	Barén			✓
3.	Éngklé Gunung			✓
4.	Galah			✓

Tabél 3.7
Ajén Moral Kaulinan Barudak

No.	Ngaran Kaulinan	Ajén Moral					
		(Sadrasa Kamanusaan)	1	2	3	4	5
1.	Conto : Bancakan		✓	✓	✓		✓
2.	Barén		✓	✓	✓		✓
3.	Éngklé Gunung		✓	✓	✓		✓
4.	Galah		✓	✓	✓		✓

Dumasar kana téhnik jeung instrumén panalungtikan ieu di handap aya sababaraha léngkah-léngkah panalungtikan nu kabagi kana tilu tahap nya éta.

1) Pra panalungtikan

Pra panalungtikan mangrupa kagiatan nu dilakukeun saméméh panalungtikan ka lapangan. Dina ieu tahap ngawengku sasabaraha léngkah-léngkah:

- (1) nangtukeun objék panalungtikan;
- (2) nangtukeun tempat panalungtikan;
- (3) nangtukeun rumusan masalah panalungtikan;
- (4) nangtukeun métode panalungtikan; jeung
- (5) nangtukeun buku référénsi.

2) Prungna panalungtikan

Tahap prungna panalungtikan mangrupa tahap panalungtikan di lapangan pikeun meunangkeun data ngeunaan objék nu ditalungtik nya éta kaulinan barudak. Ieu tahap ngawengku sababaraha léngkah-léngkah:

- (1) nguruskeun izin ka pihak Désa Kebonkalapa;
- (2) observasi lapangan;
- (3) ngawawancara informan ngeunaan objék panalungtikan; jeung
- (4) nyatet hasil sementara di lapangan.

3) Pasca panalungtikan

Tahap pasca panalungtikana nya éta tahap ngolah, napsirkeun jeung nyusun laporan tina hasil panalungtikan di lapangan. Anapaon dina ieu tahap ngawengku sababaraha léngkah-léngkah:

- (1) transkripsi hasil wawancara jeung informan;
- (2) nyusun laporan hasil panalungtikan;
- (3) medar hasil panalungtikan nu dipatalikeun jeung tiori-tiori nu aya dina bab II; jeung
- (4) nyieun kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi.

3.6 Isu Étik

Ieu panalungtikan teu mangaruhan kana pola hirup masarakat Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang. Dina prosés panalungtikanna panalungtik nuturkeun aturan-aturan jeung kode étik nu aya di masarakat Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang. Lamun sakirana aya hal nu dipantrang ku masarakat atawa hal nu teu meunang diguar, panalungtik teu maksa narasumber pikeun ngajelaskeun éta hal. Tujuanna sangkan aya hubungan nu hadé antara masarakat jeung panalungtik.